

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kiwari geus asup kana Revolusi Industri 4.0, jamanna éra digital. Dina éra Révolusi Industri 4.0 muncul rupa-rupa média sosial saperti *facebook*, *instagram*, *tiktok*, *telegram*, jeung *youtube*. Kamekaran média sosial mangaruhan kana makéna basa di dunya, kaasup basa Sunda.

Basa Sunda bakal ngalaman parobahan saluyu jeung jamanna. Aya kecap-kecap nu leungit, ogé kecap-kecap anyar nu nambahan. Kamekaran basa Sunda di jaman kiwari mangrupa hasil kamekaran dina unggal mangsana jeung kapangaruhan ku kaayaan, tempat, sarta kahirupan sapopoé anu karandapan ku masarakat (Sudaryat spk., 2007, kc. 1).

Lantaran pangaruh globalisasi, beuki loba kecap basa kosta anu nyerep kana basa Sunda. Ku lantaran teu apal kecap basa Sunda keur komunikasi, panyatur ngagunakeun kecap kosta anu diluyukeun kana kaédah basa Sunda. Aya ogé panyatur anu teu apal yén kecap kosta téh lain kandaga kecap asli basa Sunda. Kandaga kecap basa Sunda dumasar asal usulna aya nu disebut kecap sampakan jeung kecap serepan. Kecap sampakan basa Sunda nyaéta kecap anu mémang asli tina basa Sunda, sedengkeun kecap serepan nyaéta kecap anu geus kapangaruhan ku basa asing. Nurutkeun Jones (dina Musfiroh, 2004) kecap serepan sok disebut *loan words* atawa kecap-kecap injeuman.

Kecap serepan anu dipaké ku masarakat, boh lisan boh tulisan tina basa kosta atawa basa asing téh disababkeun euweuhna kosa kecap dina basa Sunda pikeun ngagambarkeun hiji hal. Saluyu jeung éta hal, yén hiji basa anu nyerep kecap tina basa séjén téh lantaran ayana kabutuhan pikeun ngungkabkeun hiji konsép, barang, atawa tempat. Lian ti kitu, ngagunakeun kecap serepan téh leuwih gampang tibatan nyieun kekecapan anyar (Musfiroh, 2004).

Nyerepna kecap basa asing atawa basa kosta kana basa Sunda dipangaruhan ku sababaraha faktor saperti campur gaul antara panyatur basa Sunda jeung panyatur basa séjén, pasosokna hiji basa ka basa lianna, sarta kecap sampakan anu teu bisa nyumponan panyatur basa Sunda dina kagiatan komunikasi (Sudaryat, 2009).

Isti Hamidah, 2023

KECAP SEREPAN DINA FACEBOOK GRUP FIKMIN BASA SUNDA (Ulukan Léksikosémantik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Prosés nyerepna unsur kosta téh ngamalir tina hiji basa (asal basa) kana basa séjén tuluy ku panyaturna digunakeun dina kagiatan komunikasi sakumaha basa sorangan (Nuraiza & Wardani, 2020). Dina ieu panalungtikan, basa anu diserep kana basa Sunda téh asalna tina basa kosta, basa Indonésia, jeung basa daérah. Prosés nyerepna disaluyukeun kana kaédah basa Sunda.

Nyerepna kecap tina basa séjén bisa muncul dina rupa-rupa medium, di antarana waé, dina *facebook*. Eusi *facebook* bisa rupa-rupa informasi (pikiran, gagasan, jeung rasa) saperti fiksimini. Nurutkeun Indira, spk. (2018) fiksimini biasa disebut fikmin nyaéta wangun prosa anu panjang tulisanana leuwih ringkes tibatan carita pondok, wates maksimalna 150 kecap, aya watek caritana, kasang tukang, jeung galur. Ganjar Kurnia nulis kumpulan fiksimini anu judulna *Nu keur Néangan*, dina acara bedah bukuna disebutkeun yén ampir sakabéh tulisan anu dikirim téh sipatna spontan, euweuh rarancangna saperti karya sastra séjén. Spontan éta téh didasaran kana naon anu ditingali, didéngé, jeung dirasakeun nalika néangan hal-hal anu dianggap ngirut sarta langsung ditepikeun ngaliwatan tulisan.

Carita dina fiksimini téh kawilang pondok antukna nimbulkeun multitafsir jeung jarang anu nalungtik ngeunaan fiksimini (Ratih spk., 2014). Bisa jadi ku multitafsir éta lantaran pamaca teu sagemblengna ngawasa kandaga kecap boh kecap sampakan boh kecap serepan sarta can aya anu medar kecap serepan dina wangun fiksimini basa Sunda.

Fiksimini dina basa Sunda mimiti gelarna téh taun 2011 ngaliwatan média sosial *facebook* nya éta grup anu dingaranan *Fiksimini Basa Sunda*. Taun 2013 nepi kiwari ganti ngaranna jadi grup *Fikmin Basa Sunda*. Ieu hal téh méré sumanget anyar pikeun nanjeurkeun basa Sunda. Fiksimini basa Sunda dianggap *genre* anyar karya sastra Sunda. Média sosial *facebook* jadi wadah dina nepikeun hasil tulisan fiksimini. Pangarang fiksimini téh teu diwatesanan, saha waé bisa ngirimkeun hasil tulisanana. Ku kituna pamaca bisa ningali ragemna fiksimini jeung nyangking rupa-rupa informasi (Indira spk., 2018).

Pangarang fiksimini bisa nuliskeun naon anu karasa jeung kapikirna waktu harita. Ku sabab mekarna jaman basa nu digunakeun ogé ngalaman parobahan, komo deui unggal pangarang fiksimini nu aya dina grup *Fikmin Basa Sunda* téh béda-béda asalna jadi kandaga kecap anu digunakeunana ogé tangtu béda jeung

kandaga kecap jaman baheula. Salasahijina aya kecap serepan anu muncul dina rupa-rupa widang kahirupan mangsa kiwari alatan pangaruh globalisasi jeung média sosial.

Kecap serepan basa Sunda dina média sosial mangrupa bukti nyata makéna basa Sunda anu masih kénéh hirup. Panalungtikan ieu tujuanna pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun kecap serepan basa Sunda nu nyampak di jaman kiwari hususna dina fiksimini média sosial *facebook*. Kecap serepan basa Sunda anu kapangaruhan ku basa Indonésia, basa asing, jeung basa daérah séjénna jadi hal anu matak ngirut pikeun ditalungtik leuwih jero.

Panalungtikan pakait jeung kecap serepan saméméhna kungsi dilaksanakeun, di antarana waé, “Kecap Serepan dina Karangan Paguneman Siswa Kelas VII SMP Negeri 6 Bandung” (Annisa Hardiyanti Aprilia, 2015) eusina museur kana asal kecap, wangun kecap, warna kecap, jeung harti kecap; “Kecap Serapan Basa Sunda: Ulikan Étimologi, Morfologi, jeung Grafologi” (Eva Nurlatifah, 2017) eusina museur kana wangun kecap, proses nyerep kecap serepan, cara nulis kecap serepan, sarta babandingan harti kecap serepan jeung kecap asalna; satuluyna, “Kajian Morfologi Kosa Kata Serapan Bahasa Inggris dalam Harian Umum Pikiran Rakyat” (Anggi Megasari, 2014), eusina museur kana wangun kecap jeung kategorina, prosés morfologisna, frékuénsi kecap serepan, sarta kasaluyuan kecap serepan jeung wangunna.

Dumasar sababaraha panalungtikan di luhur, bisa katitén yén panalungtikan ngeunaan kecap serepan téh kungsi dilaksanakeun, objék ulikanana nyaéta karangan paguneman jeung média massa *Harian Umum Pikiran Rakyat*. Ieu panalungtikan ogé raket patalina jeung kecap serepan. Anapon anu ngabédakeun ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nyaéta objék anu ditalungtikna ngeunaan “fiksimini” dina média sosial *facebook*. Hal anu ditalungtikna ogé leuwih museur kana asal kecap serapan, proses nyerepna kecap serepan, wangun kecap serepan, sarta harti kecap serepan.

Dipilihna kecap serepan dina *facebook* lantaran dina *facebook* réa kapanggih kecap serepan. Hal ieu disababkeun ayana pangaruh asing dina ngagunakeun *facebook*. Panalungtikan saperti kieu rélatif masih langka. Ku kituna, panalungtikan anu judulna “Kecap Serepan dina *Facebook* Grup *Fikmin Basa Sunda*: Ulikan

Léksikosémantik” perlu dilaksanakeun pikeun ngajembaran pangaweruh urang sadaya.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang anu geus dipedar, aya masalah nu baris diidéntifikasi nya éta makéna kecap serepan dina fiksimini, kusabab loba kénéh panyatur anu teu apal yén éta kecap serepan téh lain kecap asli basa Sunda jeung aya ogé panyatur anu teu apal kecap basa Sunda keur komunikasi jadi ngagunakeun kecap serepan atawa kecap kosta. Sangkan teu lega teuing jeung leuwih museur ieu panalungtikan téh diwatesanan kana kecap serepan anu nyampak dina *facebook* grup *Fikmin Basa Sunda* taun 2022 diulik ngagunakeun ulikan léksikosémantik anu maluruh asal basa, wangun kecap jeung hartina. Lian ti kitu, dipedar ogé ngeunaan prosés nyerepna kecap serepan.

Saluyu jeung idéntifikasi masalah di luhur, rumusan masalah anu jadi poko panalungtikan disusun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kecap serepan naon waé nu aya dina *facebook* grup *Fikmin Basa Sunda* taun 2022?
- b. Tina basa naon waé asal kecap serepan dina *facebook* grup *Fikmin Basa Sunda* taun 2022?
- c. Kumaha prosés nyerep kecap serepan dina *facebook* grup *Fikmin Basa Sunda* taun 2022?
- d. Kumaha wangun kecap serepan dina *facebook* grup *Fikmin Basa Sunda* taun 2022?
- e. Kumaha harti kecap serepan nu aya dina *facebook* grup *Fikmin Basa Sunda* taun 2022?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan dina ieu panalungtikan téh ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus. Anapon tujuan panalungtikan baris diguar saperti ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun kecap serepan anu nyampak dina *facebook* grup *Fikmin Basa Sunda* taun 2022.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan boga tujuan pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun lima hal, nyaéta

- a. Kecap serepan anu aya dina *facebook* grup *Fikmin Basa Sunda* taun 2022;
- b. Basa nu jadi asal kecap serepan dina *facebook* grup *Fikmin Basa Sunda* taun 2022;
- c. Prosés nyerepna kecap serepan dina *facebook* grup *Fikmin Basa Sunda* taun 2022;
- d. Wangun kecap serepan dina *facebook* grup *Fikmin Basa Sunda* taun 2022; jeung
- e. Harti kecap serepan nu aya dina *facebook* grup *Fikmin Basa Sunda* taun 2022.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Sacara umum, mangpaat panalungtikan téh ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu hasil panalungtikan dipiharep méré mangpaat pikeun ngajembaran élmu pangaweruh kabasaan, hususna léksikosémantik nu patali jeung kecap serepan.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun sawatara pihak, nyaéta pikeun panalungtik, pangajaran, pangatik, pamilon atikan jeung nu maca.

- a. Pikeun panalungtik, hasil panalungtikan nambah pangaweruh ngeunaan kabasaan sarta dijadikeun sumber référénsi kalawan panalungtikan satuluyuna anu ambahanana leuwih lega tur jero;

- b. Pikeun pangajaran, hasil panalungtikan ngajembaran pangaweruh ngeunaan kecap serepan sarta nambahan pangdeudeul ulikan keur bahan ajar di sakola;
- c. Pikeun pangatik, hasil panalungtikan bisa maham tur méré pangaweruhna ngeunaan informasi kecap serepan keur ditepikeun deui ka pamilon atikan;
- d. Pikeun pamilon atikan (mahasiswa/pelajar), hasil panalungtikan bisa mikanyaho jeung ngaronjatkeun pangaweruhna kana kecap serepan basa Sunda sarta leuwih ngawasa deui dina carana ngagunakeun kecap serepan basa Sunda kalawan hadé;
- e. Pikeun nu maca, hasil panalungtikan bisa dijadikeun sumber bacaan umum jeung nambah pangaweruh ngeunaan kecap serepan basa Sunda sarta éta kecap serepan téh bisa digunakeun dina komunikasi sapopoé;

1.5 Raraga Tulisan

Ieu tulisan téh mangrupa laporan panalungtikan dina wangun skripsi. Raraga tulisan ngawengku lima bab anu diwincik saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka, ngawengku kasang tukang, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat sacara tioritis jeung praktis, sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, eusina ngeunaan tiori nu patali jeung kecap serepan, kecap serepan dina kandaga kecap, asal kecap serepan, proses nyerepna, wangun kecap serepan, harti kecap serepan, jeung fiksimini. Salian ti éta, aya ogé panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir.

Bab III Méthode Panalungtikan, ngawengku désain panalungtikan, data jeung sumber data, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina medar ngeunaan hasil panalungtikan dumasar kana data nu dianalisis sarta ngajawab rumusan masalah dina panalungtikan.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, eusina medar kacindekan, implikasi, sarta rékoméndasi pikeun panalungtikan satuluyna.